




**Haitian Creole Edition  
Grade 8 Mathematics, Book 2  
May 6–7, 2003**

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk  
Matematik

Liv 2



Le 6–7 me 2003

Non \_\_\_\_\_

## **TIKONSEY POU OU SUIV LÈ W AP PRAN EGZAMEN AN**

Men kèk sijesyon pou ede ou fè maksimòm ou nan egzamen an:

- Fòk ou sèten ou li ak atansyon esplikasyon yo ba w nan liv egzamen an.
- Mande pwofesè ou a pou li esplike ou tout esplikasyon ou pa konprann.
- Planifye tan ou. Li ta ka bon pou ou voye zye rapid sou tout seksyon an anvan ou kòmanse reponn kesyon yo pou ka planifye tan ou.
- Ou kapab sèvi ak enstriman ou yo pou yo ede ou rezoud nenpòt pwoblèm nan egzamen an.
- Li chak kesyon ak atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri yon repons.
- Fòk ou sèten ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou kapab resevwa yon pati nan pwen yo si ou montre travay ou fè.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ou rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak règ yo ba ou a.




Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak rapòte yo ba ou a.



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2003 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.


# Fèy referans matematik

## FÒMIL



Solid ki gen fòm  
yon rektang


$$\text{Sifas total} = 2(lw) + 2(hw) + 2(lh)$$



Silenn sikilè

$$\text{Sifas total} = 2\pi rh + 2\pi r^2$$

$$\text{Volim} = \pi r^2 h$$



Teorèm Pitagò

$$c^2 = a^2 + b^2$$

Trigonometri

$$\sin A = \frac{\text{kote opoze}}{\text{ipoteniz}} \quad \cos A = \frac{\text{kote adjasan}}{\text{ipoteniz}} \quad \tan A = \frac{\text{kote opoze}}{\text{kote adjasan}}$$

## TABLO TRIGONOMETRIK

Degre	Sinis	Kosinis	Tanjant
0	,0000	1,0000	,0000
5	,0872	,9962	,0875
10	,1736	,9848	,1763
15	,2588	,9659	,2679
20	,3420	,9397	,3640
25	,4226	,9063	,4663
30	,5000	,8660	,5774
35	,5736	,8192	,7002
40	,6428	,7660	,8391
45	,7071	,7071	1,0000
50	,7660	,6428	1,1918
55	,8192	,5736	1,4281
60	,8660	,5000	1,7321
65	,9063	,4226	2,1445
70	,9397	,3420	2,7475
75	,9659	,2588	3,7321
80	,9848	,1736	5,6713
85	,9962	,0872	11,4301
90	1,0000	,0000	.....



28

Todd kalkile mezi sa yo pou chak jou lanèj ki te tonbe.

### MEZI KANTITE LANÈJ KI TONBE

Jou	Lanèj ki tonbe
Vandredi	3,25 pous
Samdi	5,75 pous
Dimanch	2,4 pous

Ki kantite mwayènn lanèj te tonbe, an pous, pou 3 jou yo ki la?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ pous

**Kontinye**

**29**

Giovanni sèvi ak sistèm konfigirasyon ki nan tablo anba la pou li ka kalkile pri pou nenpòt ki kantite chemiz.

### MAGAZEN CHEMIZ GIOVANNI

Kantite chemiz	Pri (an dola)
1	17
2	29
3	41
4	53
5	65

Konbyen 17 chemiz pral koute?

**Montre travay ou.**

**Repons \$ \_\_\_\_\_**

Sou liy yo ki anba la a, esplike sistèm ou itilize pou jwenn repons ou.

---

---

---

**30**

Pou yon jwèt, Lisa etabli nòt pou li distribye yo. Chak nòt te sou papye ble oubyen òranj epi te gen yon "wi" oubyen yon "non" ekri ak lèt koulè wouj oubyen koulè vèt. Pa gen okenn nan nòt yo ki te menm. Ki kantite konbinezon nòt Lisa te ka fè?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ konbinezon

**31**

Justin di si li adisyone nenpòt ki de nomb antye ki negatif, rezulta a pral toujou yon nomb antye ki negatif, men si li soustrè menm de nomb antye negatif sa yo, rezulta a ap toujou yon nomb antye ki pozitif.

**Pati A**

Sou liy yo anba la a, esplike poukisa ou dakò oswa ou pa dakò ak sa Justin di.

---

---

---

**Pati B**

Sou liy yo anba la a, bay yon egzanp kote ou adisyone de nomb antye negatif epi yon egzanp kote ou soustrè menm de nomb antye negatif sa yo ki sipote esplikasyon ou bay la.

**Egzanp 1** \_\_\_\_\_

**Egzanp 2** \_\_\_\_\_

**Kontinye**

**32**

Motè ki sou deyò bato Jimmy a sèvi ak yon melanj gazolin lwil ki gen yon rapò 50 pou 1. Si Jimmy mete 2,5 galon gazolin nan tank lan, ki kantite ons likid lwil li gen pou mete apre? (1 galon = 128 ons likid)

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ ons likid

**33**

Chanday yo te an likidasyon ak yon diskont de 20% sou pri nòmal la. Kelly achte yon chanday an likidasyon ki te gen yon pri nòmal de \$32,00. Taks machandiz la te 7,25%. Konbyen kòb Kelly peye pou chanday la?

**Montre travay ou.**


**Repons** \$ \_\_\_\_\_

**Pa TOUNEN paj sa a jistan yo pa di ou pou tounen li.**



# Sesyon 2

34



Itilize règ ak rapòtè ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Ingrid desinen yon poligòn 3 kote ki gen yon ang ki mezire 90 degré. Nan espas anba la a, desinen fòm lan ki tankou sa Ingrid desinen epi montre ki kote ang 90 degré a ye.

Ki non egzat poligòn ke Ingrid desinen an?

**Repons** \_\_\_\_\_

**Kontinye**

**35**

Jeran restoran an vle yon lis tout kombinezon sandwich posib nan meni ki anba la a.

#### MENI POU SANDWICH

Pen	Fwomaj	Vyann
Pen leven	Cheddar	Kodenn
Ble	Ameriken	Janbon
Sèg		Pastrami

#### **Pati A**

Fè yon dyagram tankou pyebwa ki montre kantite kombinezon sandwich ki posib ak yon sèl kalite pen, yon sèl kalite fwomaj, epi yon sèl kalite vyann nan sa ki sou meni a.

#### **Pati B**

Konbyen nan diferan kombinezon sandwich nan dyagram tankou pyebwa ki anlè a fèt ak fwomaj cheddar?

**Repons** \_\_\_\_\_ kombinezon

**36**

Sou liy ki anba a, mete nimewo sa yo nan lòd pi piti rive pi gran.

14

-21

3,12

 $\frac{22}{5}$  $\sqrt{25}$ 

0,76

 $1\frac{2}{3}$ **Repons** \_\_\_\_\_

Esplike sa ou fè pou jwenn repons ou a.

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**37**

Ekwasyon anba a ka sèvi pou jwenn pri a, ki gen 8% taks ladan li, pou p pè chosèt. Rachel vle konnen ki kantite pè chosèt li ka achte pou \$8,91. Rezoud ekwasyon an epi ekri repons la sou liy ki anba a.

$$\$1,65p(1,08) = \$8,91$$


**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ pè chosèt

**Kontinye**

**38**

Yon moun kap lave fenèt la poze yon nechèl sou yon mi pou anlè nechèl la manyen baz fenèt la, menm jan ak desen anba a. Distans ant mi a ak bout anba nechèl la se 15 pye, epi distans ant baz fenèt la ak atè a se 26 pye.



[echèl la pa bon]

Ki longè nechèl la an pye si pou ta awondi *nonm* lan?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ pye

**39**

Laura resevwa yon bwat chokola pou fèt li. Chokola yo ki nan bwat la gen senk kalite bagay foure ladan yo. Tablo anba a montre ki kantite chokola nan bwat la ak ki kalite bagay ki foure ladan yo.

### CHOKOLA

Bagay foure	Nimewo
Karamèl	16
Kokoye	10
Mant	12
Seriz	14
Karamèl fèt ak bè	8

Tout chokola yo gen menm fòm ak menm gwo sè. Laura pa **renmen** ni kokoye ni karamèl fèt ak bè. Ki pwobabilite pou Laura pran nan bwat chokola ki ranpli a yon chokola ki gen yon bagay foure *li renmen*?

**Pwobabilite** \_\_\_\_\_

---

---

---


---

---

Esplike sou liy anba a sa ou fè pou jwenn repons ou an.

**40**

Dyagram anba a montre yon foto yon lak sou yon bò.



[echèl la pa bon]

Kote ki pi fon nan lak la make pa pwonfondè ki pa deteminen an sou dyagram lan. Dapre 5 mezi pwofondè lak la ki anlè a, pwofondè mwayènn lak la se 46 pye. Ki longè pwofondè lak la kote li pi fon an?

**Montre travay ou.**


**Repons** \_\_\_\_\_ pye

**41**



Rezoud inegalite anba a pou y epi fè yon graf ki reprezante solisyon an sou liy ki gen chif yo epi ki la pou sa.

$$3y + 45 \leq 54$$

**Montre travay ou.**

**42**

Ki valè pou  $x$  genyen pou toude triyang yo anba la parèy?



[echèl la pa bon]

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_

**Kontinye**

**43**

Depatman ibanizasyon lavil la vle konstwi yon teren je rektangilè nan youn nan pak li yo. Perimèt tout teren je a ap gen yon kloti, epi sipèfisi total teren an pral mezire 1.200 pye kare.

**Pati A**

Si longè ak lajè a ka nonm antye sèlman, ki dimansyon pou teren je ta ye pou li ta genyen pi piti nonm de pye pou kloti a?

***Montre travay ou oubyen ekri eksplikasyon ou lan.***



***Dimansyon \_\_\_\_\_ pye \_\_\_\_\_ miltipliye pa pye***

Ki perimèt teren je a ak pi piti nonm de pye pou kloti a?

***Perimèt \_\_\_\_\_ pye***

## **Pati B**

Sèvi ak kadriyaj epi echèl anba a pou desinen egzakteman teren je a epi make dimansyon yo.



**Kontinye**

**44**

Joey bezwen fè yon vwayaj 15 mil depi Smithville rive Clarksville epi 5 mil depi Clarksville rive Elmwood. Tablo anba a montre pri de diferan konpayi taksi.

**PRI TAKSI YO**

Sunshine Cab Co.	Pri fiks; \$5,00 + \$1,00 pou chak distans 5 mil
Freedom Cab Co.	Pri fiks; \$2,50 + \$0,50 pou chak mil ki depase 10 mil

Joey pral chwazi youn nan kat opsyon sa yo:

1. Fè vwayaj la ak Sunshine Cab Co. jis nan Clarksville, epi ak Freedom Cab Co. jis nan Elmwood.
2. Fè vwayaj la ak Freedom Cab Co. jis nan Clarksville, epi ak Sunshine Cab Co. jis nan Elmwood.
3. Fè tout vwayaj la san rete ak Sunshine Cab Co.
4. Fè tout vwayaj la san rete ak Freedom Cab Co.

Kilès nan opsyon yo **ap mwen** chè pou Joey fè vwayaj la?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_



Itilize rapòtè ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Klas Paul la ale nan zou epi yo konte kantite tip zannimo diferan yo wè, jan li esplike nan tablo anba a.

### ZANNIMO NAN ZOO


Tip animal la	Kantite yo wè
Zwezo	35
Reptil	10
Mamifè nan patiraj	26
Ensèk	16
Mamifè ki kanivò	3

Sèvi ak rapòtè ou pou trase yon grafik sèk ki korèk pou tout tip zannimo klas la wè.

Pa blyie pou

- make chak seksyon grafik la
- ekri non grafik la

***Montre travay ou.***



**KANPE**





Place Student Label Here



**Liv 2  
Matematik  
Klas 8  
Le 6–7 me 2003**

*The McGraw-Hill Companies*